

Enskripsyon Votè ak Demann Bilten Vòt Moun ki Absan

Aplikasyon Kat Postal Federal (FPCA)

Fòm sa a se pou Militè an Sèvis ki absan, fanmi yo, ak sitwayen ameriken ki abite andeyò peyi Etazini. Li sèvi pou moun enskri pou yo vote, mande yon bilten vòt pou moun ki absan, epi aktyalize enfòmasyon pou yo kontakte w. Gade direktiv Eta w la nan FVAP.gov.

Ekri byen klè an lèt detache avèk lank ble oswa nwa, tanpri gade nan do paj la pou enstriksyon.

1. Kimoun ou ye? Chwazi youn.

Mwen mande yon bilten vòt moun ki absan pou tout eleksyon kote mwen elijib pou mwen vote EPI:

- Mwen se yon militè an sèvis aktif oswa manm Marin Komèsyal -**OSWA**- Mwen se mari/madanm oswa depandan ki elijib.
 Mwen se yon sitwayen ameriken ki abite andeyò peyi a, e mwen gen entansyon retounen.
 Mwen se yon sitwayen ameriken ki abite andeyò peyi a, e entansyon mwen pou m retounen pa sèten.
 Mwen se yon sitwayen ameriken ki abite andeyò peyi a, mwen pa janm abite Etazini.

Non fanmi

Sifiks (Jr., II)

Mr. Miss
 Mrs. Ms.

Prenon

Ansyen non (si sa aplikab)

Dezyèm prenom

Dat nesans (MM/JJ/AAAA) #

Nimewo Sekirite Sosyal

Lisans Chofè oswa #ID Eta

2. Ki adrès ou nan Eta oswa teritwa Etazini kote w ap enskri pou w vote a epi w mande pou nou voye yon bilten vòt la?

Nou pa p voye materyèl vòt ou yo nan adrès sa a. Gade enstriksyon ki sou lòt bò fòm lan.

Adrès

Apt

Vil, minisipalite, vilaj

Eta

Konte

Zipkòd

3. Ki kote ou ye kounyeya? Ou DWE bay adrès AKTYÈL ou pou w resevwa materyèl vòt ou.

Adrès postal ou. (Diferan de adrès pi wo a)

Adrès korespondans ou a. (Si li diferan de adrès postal la)

4. Kisa ki kowòdone w? Se pou ofisyèl eleksyon yo ka kontakte ou konsènan demann ou an.

Bay kòd peyi a ak kòd rejyonal ak nimewo telefòn ak faks ou. Pa sèvi ak yon nimewo DSN (Defense Switched Network).

Imel:

Telefòn:

Imel altènatif:

Faks:

5. Ki preferans ou genyen pou eleksyon k ap vini yo?

A. Kijan ou vle resevwa materyèl pou vote ki sòti nan biwo eleksyon ou a? (Chwazi youn)
 Lapòs
 Imel oswa entènèt
 Faks

B. Kisa ki pati politik ou pou eleksyon primè yo?

6. Ki enfòmasyon adisyonèl ou dwe bay?

Pòtoriko ak Vermont mande pou plis enfòmasyon, gade nan do paj la pou enstriksyon. Ou ka jwenn lòt direktiv Eta a nan FVAP.gov. Ou ka sèvi avèk espas sa a tou pou w klarifye enfòmasyon vòt ou.

7. Ou dwe li epi siyen deklarasyon sa a.

Mwen sèman oswa afime, anba penalite pou fo temwayaj, ke:

- Enfòmasyon ki nan fòm sa a se verite, egzak, epi konplè dapre sa mwen konnen. Mwen konprann ke yon move enfòmasyon materyèl nan dokiman sa a kapab baz pou kondanasyon pou fo temwayaj.
- Mwen se yon sitwayen ameriken, mwen gen laj omwen 18 an (oswa mwen va genyen l nan jou eleksyon an), mwen elijib pou m vote nan jiridiksyon yo egzije a, epi
- Mwen pa diskalifye pou mwen vote akòz kondanasyon pou yon krim oswa lòt ofans diskalifyan, ni yo pa t jije mwen mantalman enkonpetan; oswa si se sa, dwa vòt mwen yo te retabli; epi
- Mwen p ap enskri, ni mande yon bilten vòt, ni vote nan okenn lòt jiridiksyon Etazini, eksepte jiridiksyon ki site nan fòm vòt sa a.

Siyen isit la

X

Dat jodiya
(mm/jj/aaaa)

Ou ka vote nenpòt kote ou ye.

1. Ranpli fòm ou an konplètman e avèk prezizyon.

- Adrès Etazini w lan sèvi pou detèmine kote w elijib pou w vote kòm yon moun ki absan. Pou votè ki se militè, se nòmalman dènye adrès ou nan Eta kote w abite legalman. Pou sitwayen aletranje, anjeneral se dènye kote ou te abite anvan ou te ale aletranje. Ou pa bezwen gen okenn lyan aktyèl avèk adrès sa a. PA ekri yon # PO Box nan seksyon 2.
- Pifò Eta pèmèt ou bay yon nimewo Lisans Chofè oswa 4 dènye chif SSN ou. New Mexico, Tennessee, ak Virginia egzije yon SSN konplè.
- Si ou pa kapab resevwa kourye nan adrès postal ou ye kounyeya, tanpri presize yon adrès pou korespondans.
- Anpil Eta egzije pou w espesifye yon pati politik pou w vote nan eleksyon primè. Yo ka itilize enfòmasyon sa a pou enskri w nan yon pati.
- **Egzijans Seksyon 6:** Si rezidans vòt ou se Vermont, ou dwe rekonèt deklarasyon ki annapre yo lè w ekri nan seksyon 6: "Mwen sèman te fè Sèman Votè Vermont lan." Si rezidans pou w vote se Pòtoriko, ou dwe bay non manman w ak prenon papa w.
- Nou rekòmande pou w ranpli epi soumèt fòm sa a chak ane pandan w se yon votè ki absans.

2. Sonje siyen fòm sa a!

3. Retounen fòm sa a bay ofisyèl elektoral ou a. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte yo nan FVAP.gov.

- Retire adezif anwo ak sou kote yo. Pliye epi sele byen sere. Si w te enprime fòm lan, pliye li epi sele li nan yon anvlòp.
- Tout Eta aksepte fòm sa a pa lapòs, e anpil eta aksepte fòm sa a pa imel e pa faks. Gade direktiv Eta w la nan FVAP.gov.

Deklarasyon Pozisyon Ajans

Responsabilite pou piblik la fè rapò pou kòlèk enfòmasyon sa a, Nimewo Kontwòl OMB 0704-0503, estime a yon mwayèn 15 minit pou chak repons, ki gen ladan tan pou revize enstriksyon yo, chèche sous done ki egziste deja, rasanble epi kenbe done ki nesèsè, ranpli ak revize kòlèk enfòmasyon. Voye kòmantè konsènan estimasyon responsabilite oswa sigjesyon sou rediksyon responsabilite bay Depatman Defans, Sèvis Katye Jeneral Washington, nan whs.mc-alex.esd.mbx.dd-dod-information-collections@mail.mil. Moun ki reponn yo ta dwe konnen ke malgre nenpòt lòt dispozisyon lalwa, pèsonn pa dwe sijè a okenn penalite si li pa an konfòmite avèk kòlèk enfòmasyon nan ka li pa montre yon nimewo kontwòl OMB ki aktyèlman valid. PA SOUMÈT FÒM OU AN NAN ADRÈS IMEL KI PI WO A.

Avi konfidansyalite

Lè li ranpli, fòm sa a gen ladan enfòmasyon ki kapab idantifye moun pèsònèlman epi Lwa sou Konfidansyalite 1974 amande a pwoteje li.

**Ou gen kesyon?
Imel: vote@fvap.gov**

To
(Fill in the address of your election office.
The address can be found online at FVAP.gov.)

NO POSTAGE NECESSARY IN THE U.S. MAIL - DMM 703.8.0

OFFICIAL ABSENTEE BALLOTING MATERIAL - FIRST CLASS MAIL



International airmail postage is required if not mailed using the U.S. Postal Service, APO/FPO/DPO system, or diplomatic pouch.

From
(Your name and mailing address)

PAR AVION

U.S. Postage Paid
39 USC 3406

